

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA ETAZINI AK
GOUVÈNMAN****Jedi**, 24 janvyè 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, ale nan dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo e, dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

Pati I genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enregistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

Pati II genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

Pati III baze sou plizyè dokiman:

Pati III A genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

Pati III B genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Rejyon nan Etazini ki yon ti jan plat, ki gen gazon ant Rivyè Mississippi ak Montay Rocky yo rele
 - (1) Great Plains
 - (2) Great Basin
 - (3) Coastal Plain
 - (4) Piedmont
- 2 Ki karakteristik jeografik ki te kontribye plis nan devlopman komès nan Lamerik kolonyal la?
 - (1) montay yo
 - (2) teren ki gazon yo
 - (3) pò natirèl yo
 - (4) lak anndan yo
- 3 Ki tit ki ale pi byen ak deskripsyon an pati ki anba a ?

I. _____

A. Vilaj yo ki gen reyinyon pou tout moun nan vil la

B. Ti fèm ak lapèch komèsyal

C. Premye Inivèsite Ameriken

 - (1) Koloni New England yo
 - (2) Koloni nan Mitan yo
 - (3) Koloni nan Sid yo
 - (4) Koloni Espanyòl yo
- 4 Nan piblikasyon *Common Sense* la, Thomas Paine te deklare ke koloni Ameriken yo ta dwe
 - (1) apwouve Trete Pari a (1763)
 - (2) ratifye Konstitisyon Etazini a
 - (3) fini relasyon politik yo genyen ak Grann Bretay
 - (4) sipòte règleman King George III yo
- 5 Atik Konfederasyon an ak Konstitisyon Etazini te mete la
 - (1) yon branch egzekitif
 - (2) yon lejislati nasyonal
 - (3) yon sistèm pati politik
 - (4) yon kabinè prezidansyèl
- 6 Pandan deba sou ratifikasyon Konstitisyon an, Antifederalis yo te deklare ke
 - (1) Nouvo Konstitisyon an te bay gouvènman eta yo twòp pouvwa politik
 - (2) yon gouvènman nasyonal gwo ponyèt t ap gen respè devan nasyon Ewopeyen yo
 - (3) sistèm pouvwa pat nesèsè nan yon gouvènman federal
 - (4) nouvo Konstitisyon an t ap menase dwa chak sitwayen
- 7 Yo te adrese konfli sou reprezantasyon nan Kongrè a nan Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la lè yo
 - (1) kreye yon lejislati ki gen de chanm
 - (2) limite tèm moun k ap fèlwa yo pou kat lane
 - (3) bay Kongrè a pouvwa ki pa defini klè
 - (4) fini ak enpòtasyon esklav
- 8 Ki aksyon ki se yon egzanp revizyon jidisyè?
 - (1) Prezidan an pwopoze yon lwa pou redwi pouvwa tribinal federal yo.
 - (2) Yon tribinal eta jwenn yon akize koupab de yon krim.
 - (3) Tribinal Siprèm nan deklare yon lwa federal pa konstitisyonèl.
 - (4) Sena a dakò sou yon moun prezidan an nonmen pou Lakou Siprèm nan.
- 9 "... Mwen konnen tou sa se yon pwensip fondamantal [règleman] nou genyen, epi mwen panse se yon règleman ki saj, pa rantrè kò nou nan zafè Lewòp..."

— Thomas Jefferson, 21 Desanm 1787,
Library of Congress

Ki dokiman ki pi byen montre konsèy yo bay nan deklarasyon sa a?

- (1) Plan Inyon Albany a
- (2) Atik Konfederasyon yo
- (3) Deklarasyon Dwa Moun
- (4) Diskou Adye Washington nan

- 10 Ki wòl prezidansyèl ki sòti nan pratik ak koutim olye de otorite konstitisyonèl?
- (1) komandan an chèf
 - (2) egzekitif an chèf
 - (3) chèf pati politik li
 - (4) chèf eta a
- 11 Bay ansyen esklav Nwa, fanm ak tout sitwayen ki gen omwen dizwit lane dwa pou vote nan eleksyon nasyonal te fèt ak
- (1) amannman konstitisyonèl yo
 - (2) lwa kongrè yo
 - (3) lòd egzekitif prezidansyèl yo
 - (4) desizyon Tribinal Siprèm yo
- 12 Politik etranjè Prezidan James Polk yo ki te gen patisipasyon Texas, Kalifòni ak Teritwa Oregon yo tout te jèfò pou
- (1) pa pran pati pou teritwa lwès yo
 - (2) kontinye izolasyonis tradisyonèl Ameriken an
 - (3) febli Doktrin Monroe a
 - (4) ranpli objektif Destine Manifès la
- 13 Deklarasyon Santiman an, ki te adopte nan Konvansyon Seneca Falls nan ane 1848 la te enpòtan paske li
- (1) te fè avanse lide dwa egal pou fanm
 - (2) te egzije abolisyon esklavaj touswit
 - (3) te mande pou entèdi bwason ki gen alkòl
 - (4) mande gouvènman an pou limite pratik komès ki danjre
- 14 Plan rekonstriksyon Prezidan Abraham Lincoln ak Prezidan Andrew Johnson la te gen ladan l yon pwovizyon pou
- (1) rekòmanse ak patisipasyon total Eta Sid yo nan Kongrè a
 - (2) okipasyon militè Konfederasyon an pou yon bon tan
 - (3) Eta Sid yo peye reparasyon lagè yo
 - (4) pinisyon di pou ansyen ofisyèl Konfedere yo
- 15 Lè yo pase Lwa Homestead la ak lejislasyon ki sipòte konstriksyon transkontinantal ray tren yo, sa te demontre angajman gouvènman federal la pou
- (1) limite gwo komès
 - (2) etablisman teritwa nan lwès yo
 - (3) konsèvasyon resous natirèl
 - (4) egalite pou tout imigran
- 16 Ki faktè ki te kontribye plis nan ibanizasyon nan fen lane 1800 yo?
- (1) asimilasyon
 - (2) endistriyalizasyon
 - (3) enperyalis
 - (4) nilifikasyon
- 17 Nan fen ane 1800 yo, fèmnye yo te sipòte enpresyon pyès lajan gratis epi san limit, prensipalman paske yo te espere politik sa a t ap
- (1) fè pri rekòlt etranje yo mwens konpetitif
 - (2) pèmèt fèmnye yo plante yon pi gran varyete rekòlt
 - (3) ogmante pri rekòlt yo epi fè li pi fasil pou remèt lajan yo prete yo
 - (4) fè gen egalite politik ant rezidan riral ak iben yo
- 18 Pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo, tèminoloji *bawon vòlè* a te pi byen defini yon moun ki
- (1) te kontwole gwo pòsyon tè nan lwès
 - (2) te itilize taktik komès chenmanjechen
 - (3) te vòlè nan men rich yo pou bay pòv yo
 - (4) te ankouraje konsèvasyon matyè premyè yo

ALE NAN LÒT PAJ LA ⇔

Sèvi ak tit jounal ki anba yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20 yo.

REKONPANS \$50,000–KIYÈS KI TE DETWI MAINE?–REKONPANS \$50,000

EDISYON POU YON PI GRAN NEW YORK

JOURNAL NEW YORK

AK MOUN K AP FÈ REKLAM

NEW YORK, JEDI 17 FEVRIYE 1898

DESTRIKSYON BATO GÈ MAINE SE TE TRAVAY YON ENNMI

| | | |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p>\$50,000!</p> <p>REKONPANS \$50,000! Pou Jwenn Koupab Ki Komèt ak Vyolens Ki Fèt nan Bato Maine!</p> <p><small>The New York Journal... offers a reward of \$50,000... for information... leading to the conviction... of the... perpetrator of this outrage and accomplices.</small></p> | <p>Asistan Sekretè Roosevelt Kwè Eksplozyon Bato Lagè a se Pat yon Aksidan.</p> <p>Jounal la Ofri yon Rekonpans \$50,000 pou Kondanasyon Kriminèl ki te lakoz lanmò 258 maren Ameriken. Tout Ofisyè Naval yo Dakò bato yo detwi a, sete yon fèt espre.</p> | <p>\$50,000!</p> <p>REKONPANS \$50,000! Pou Jwenn Koupab Ki Komèt ak Vyolens Ki Fèt nan Bato Maine!</p> <p><small>The New York Journal... offers a reward of \$50,000... for information... leading to the conviction... of the... perpetrator of this outrage and accomplices.</small></p> |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Sous: "Crucible of Empire," PBS Online (adapte)

19 Gwo tit nan jounal sa a se yon egzanp

- | | |
|---------------------------|------------------------|
| (1) jounalis ak sansasyon | (3) literati eskandal |
| (2) repòtaj ak ankèt | (4) sansi gouvènman an |

20 Piblikasyon nouvell sa a ak nouvell ki repati menm jan, ankouraje Kongrè a pou

- | | |
|-----------------------------|-------------------------------|
| (1) deklare Lespay lagè | (3) pase lwa antiteworis |
| (2) amelyore sekirite naval | (4) fè yon ankèt sou kriminèl |

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22 yo.

| Imigrasyon Anvan epi Apre Lwa Sou Barèm yo | Sòti Lewòpdinò ak Lewòpdelwès | Sòti Lewòpdinò ak Lewòpdelès ak Lazi |
|-------------------------------------------------------------|--------------------------------------|---------------------------------------------|
| Kantite imigran pa ane an mwayèn anvan barèm (1907-1914) yo | 176,983 | 685,531 |
| Lwa Sou Barèm an Ijans 1921 an | 198,082 | 158,367 |
| Lwa sou Barèm nan Imigrasyon 1924 la | 140,999 | 21,847 |

Sous: Thomas A. Bailey et al., *The American Pageant*, Houghton-Mifflin (adapte)

21 Ki konsekans lwa imigrasyon 1921 ak 1924 yo te genyen?

- (1) rediksyon imigrasyon nan Lewòpdisid ak Lewòpdelès ak nan Lazi
- (2) etablisman egalite ant gwoup etnik yo ki t ap chache antre nan Etazini
- (3) ogmantasyon nan kantite total imigran yo te pèmèt antre nan Etazini
- (4) retire restriksyon sou nasyon Lewòpdinò ak Lewòpdelwès yo

22 Yon rezon pou pase lwa yo montre nan tablo sa a se te pou

- (1) limite kwasans ekonomik
- (2) pwoteje travay travayè nan Etazini
- (3) amelyore kondisyon travay yo nan faktori Ameriken yo
- (4) pwomouvwa imigrasyon moun ki pa Ewopeyen

23 Nan fen 19yèm ak nan kòmansman 20tyèm syèk yo, Etazini te angaje nan Amerik Latin prensipalman pou

- (1) etabli nouvo koloni yo
- (2) pwoteje enterè ekonomik ak sekirite
- (3) ogmante nivo vi moun nan Amerik Latin nan
- (4) rete vag dwòg ilegal k ap antre nan Etazini

24 Lwa sou sistèm bankè federal 1913 la te la pou

- (1) kreye yon sistèm pak nasyonal
- (2) regilarize mache bous la
- (3) kontwole pwovizyon lajan nasyon an
- (4) etabli yon patri pou Endyen Natif Natal Ameriken yo

25 Ki karakteristik jeyografik ki te pi enfliyanse kapasite Etazini pou pwoteje tè prensipal li kont atak pandan Premye Gè Mondyal la?

- (1) Gòf Meksik
- (2) Gran Lak yo
- (3) Oseyan Pasifik
- (4) Oseyan Atlantik

26 Ki agiman Tribinal Siprèm nan te itilize pou rive a konklizyon “danje klè epi iminan” nan dosye *Schenck* kont *Etazini* (1919) la?

- (1) Militè a sou kontwòl sivil.
- (2) Pouvwa yo separe ant gouvènman federal ak eta yo.
- (3) Dwa konstitisyonèl yo pat absoli.
- (4) Konstitisyon an bay tout moun menm pwoteksyon sou lalwa

Sèvi ak poezi anba a epi ak konesans ou nan syans sosyèl pou reponn kesyon 27 la.

Mwen, tou

Mwen tou, chante Lamerik.

Mwen se frè ki pi nwa a.
Yo voye mwen manje nan kwizin nan
lè gen vizitè,
Men mwen ri,
Epi mwen byen manje,
Epi ma grandi fò.

Demen,
Mwen ma va sou tab la
Lè gen vizitè.
Pèsonn pap pran chans
Pou di mwen,
'Ale manje nan kwizin nan,'
Lè sa a.

Toutjan,
Yo pral wè jan mwen bèl
Epi yo ap wont—

Mwen, tou, mwen se Lamerik.

— Langston Hughes, in Rampersad and Roessel, eds.,
The Collected Poems of Langston Hughes,
Alfred A. Knopf

- 27 Poezi Langston Hughes sa a montre yon tèm prensipal Renesans Harlem nan, lè li
- (1) sipòte kreyasyon inivèsite dirije pa Ameriken Nwa yo
 - (2) apiye bezwen pou refòm ekonomik
 - (3) ekspriye fyète ak espwa anpil Ameriken Nwa
 - (4) detaye move tretman Ameriken Nwa nan endistri mizik la

28 Ki deklarasyon sou chit mache bous 1929 la ki pi egzat?

- (1) Se te sèl kòz Gran Depresyon an.
- (2) Se efè Gran Depresyon an ki te lakòz li.
- (3) Li te kontinye byen lontan apre Gran Depresyon an te fini.
- (4) Li te ede mennen nan Gran Depresyon an.

29 Yon fason prensipal Nouvo Kontra Prezidan Franklin D. Roosevelt te eseye konbat efè Gran Depresyon an se te

- (1) kenbe salè travayè yo ba
- (2) ogmante to tarif pwotektif yo
- (3) bay eta yo plis kontwòl sou bidjè federal la
- (4) finanse pwogram soulajman travay piblik

30 Nan ane 1937, yo te kritike Prezidan Franklin D. Roosevelt pou pwopozisyon li te fè pou ajoute jij nan Tribinal Siprèm Etazini an paske nominasyon sa yo tap

- (1) kraze pwomès kanpay li te fè anvan
- (2) vyole limit konstitisyon an sou kantite jij yo dwe genyen
- (3) menase sistèm pouvwa ekilibre a
- (4) etabli yon tribinal ki pi konsèvatif

31 Ki aksyon Etazini ki pi byen reprezante politik etranje Etazini nan ane 1930 yo?

- (1) pase Lwa Netralite yo
- (2) Kreye Òganizasyon Trete Azi Sidès (SEATO)
- (3) deside kreye NasyonZini
- (4) asosye ak pouvwa alye yo

Sèvi ak telegram anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 an.

| | | | | | | | | |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|------------------|-----------------------------|----------------|-----------------------|-------------------|
| <p>KALITE SÈVIS</p> <p>Se yon telegram oswa yon kabgram pou pri ki pi wo a amwenske yo make lajan ki peye a ak yon senbòl ki fèt pou sa pi wo a oswa avan adrès la</p> | <h1 style="margin: 0;">WESTERN UNION</h1> <p style="font-size: small; margin: 0;">A. N. WILLIAMS NEWCOMB CARLTON J. G. WILLEVER PREZIDAN PREZIDAN KOMITE A PREMYE VIS PREZIDAN</p> | <p style="text-align: center;">1201</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr><td style="text-align: center;">SENBÒL YO</td></tr> <tr><td style="text-align: center;">LL- Lèt Lajounen</td></tr> <tr><td style="text-align: center;">NF- Telegram Jodi pou Demer</td></tr> <tr><td style="text-align: center;">LC- Kab Difere</td></tr> <tr><td style="text-align: center;">NL- Lèt Nanwit Pa Kab</td></tr> <tr><td style="text-align: center;">Telegram sou bato</td></tr> </table> | SENBÒL YO | LL- Lèt Lajounen | NF- Telegram Jodi pou Demer | LC- Kab Difere | NL- Lèt Nanwit Pa Kab | Telegram sou bato |
| SENBÒL YO | | | | | | | | |
| LL- Lèt Lajounen | | | | | | | | |
| NF- Telegram Jodi pou Demer | | | | | | | | |
| LC- Kab Difere | | | | | | | | |
| NL- Lèt Nanwit Pa Kab | | | | | | | | |
| Telegram sou bato | | | | | | | | |
| <p style="font-size: x-small;">Lè yo montre a nan pati pou dat la nan telegram yo ak lèt lajounen yo se TAN NÒMAL pou kote li sòti a. Lè resepsyon an se TAN NÒMAL pou ko te li rive a</p> <p>H8N H 37 NT 5 EXA</p> <p style="text-align: center;">QR NEW YORK 7 DESANM 1941</p> <p style="text-align: center;">SON EKSELANS PREZIDAN ETAZINI AN WASHDC</p> <p>NOU MENM <u>SITWAYEN AMERIKEN KI DESANDAN JAPONÈ</u> NAN VIL NEW YORK AK OZALANTOU YO FÈ YON SÈL AK TOUT AMERIKEN YO POU KONDANE AGRESYON JAPONÈ YO KONT PEYI NOU AN EPI SIPÒTE TOUT MEZI KI PRAN YO POU DEFANN NASYON AN.</p> <p style="text-align: center;">X <u>KLIB TOZAI KLIB NEW YORK, 323 WEST 108 ST VIL NEW YORK</u></p> | | | | | | | | |

Sous: New York State Education Department, *Consider the Source: Historical Records in the Classroom, State Archives and Records Administration* (adapte)

32 Yo te voye telegram sa a pou reponn

- (1) kòmansman Dezyèm Gè Mondyal
- (2) atak kont Pearl Harbor
- (3) yon lwa ki pase pou entèdi imigrasyon Japonè
- (4) anwolman Japonè Ameriken yo nan militè

33 Yon objektif prensipal pwojè lwa GI la se sete pou bay veteran Dezyèm Gè Mondyal yo

- (1) opòtinite edikasyon apre lagè a
- (2) pwoteksyon kont diskriminasyon rasyal
- (3) travay pou sivil nan militè a
- (4) ogmante peyman Sekirite Sosyal

34 Doktrin Truman la, Plan Marshall la ak Òganizasyon Trete Atlantik (NATO) la tout te fè pati politik etranje

- | | |
|-----------------|----------------|
| (1) izolasyonis | (3) kolonyalis |
| (2) detant | (4) kenbe lwen |

Sèvi ak pwogram ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 ak 36 yo.

MACH SOU WASHINGTON POU TRAVAY AK LIBÈTE

28 OUT 1963

PWOGRAM KOMEMORATIF LINCOLN

1. Im Nasyonal *Marian Anderson ap dirije.*
2. Envokasyon *Reveran Patrik O'Boyle, Achevèk Washington.*
3. Kòmantè pou louvri *A. Philip Randolph, Direktè Mach nan Washington pou Travay ak Libète.*
4. Kòmantè *Dr. Eugene Carson Blake, Komi eli, Legliz Presbiteryen Ini Etazini; Vis Prezidan, Komisyon sou Relasyon Ras nan Konsèy Nasyonal Legliz kòde Christ nan Lamerik.*
5. Omaj a Fanm Nwa k ap Goumen pou Libète
Madan Medgar Evers
Daisy Bates
Diane Nash Bevel
Madan Medgar Evers
Madan Herbert Lee
Rosa Parks
Gloria Richardson
6. Kòmantè *John Lewis, Prezidan Nasyonal, Komite Kowodinasyon Etidyan ki pa Vyolan.*
7. Kòmantè *Walter Reuther, Prezidan, Sendika Travayè Ini nan Endistri Machin, Aeospasyal ak Agrikilti, Travayè nan Lamerik AFL-CIO; Prezidan, Depatman Sendika Endistriyèl, AFL-CIO.*
8. Kòmantè *James Farmer, Direktè Nasyonal, Kongrè sou Egalite Rasyal.*
9. Seleksyon *Eva Jessye Koral*
10. Priyè *Rabbi Uri Miller, Prezidan Konsèy Sinagòg Lamerik.*
11. Kòmantè *Whitney M. Young, Jr., Direktè Egzekitif, Lig Vil Nasyonal la.*
12. Kòmantè *Mathew Ahmann, Direktè Egzekitif, Konferans Katolik Nasyonal pou Jistis Entèrasyal.*
13. Kòmantè *Roy Wilkins, Sekretè Egzekitif, Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Nwa.*
14. Selection *Miss Mahalia Jackson*
15. Kòmantè *Rabbi Joachim Prinz, Prezidan Kongrè Jwif Ameriken.*
16. Kòmantè *Rev. Dr. Martin Luther King, Jr., Prezidan, Konferans sou Direksyon Kreyen nan Sid.*
17. Sèman an *A Philip Randolph*
18. Benediksyon *Dr. Benjamin E. Mays, Prezidan, Morehouse College.*

“NOU VA TRIYONFE”

Sous: March on Washington Program, National Archives and Records Administration (adapte)


35 Ki konklizyon enfòmasyon nan pwogram sa a sipòte pi byen?

- (1) Yo te bay opozan entegrasyon rasyal yo menm kantite tan nan pwogram nan.
- (2) Sipò pou Mach nan Washington nan te sòti nan diferan kalite gwoup.
- (3) Libète relijyon te yon objektif enpòtan pou Mach la.
- (4) Mach la te vize sou lejislasyon eta nan sid yo.

36 Yo te onore Rosa Parks nan Mach Washington nan pou patisipasyon li nan

- (1) Kòmansè bòykòt bis piblik yo nan Montgomery
- (2) entegre Lekòl segondè nan Little Rock
- (3) fòme Komite Kowòdinasyon Etidyan ki pa Vyolan yo
- (4) òganize manifestasyon sou kontwa kafeterya nan Greensboro, Kawolindinò

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 ak 38 yo.



37 Ki konklizyon ki ka fèt sou siksè jefò pou fini ak segregasyon nan lekòl piblik yo nan lane 1950 ak 1960 yo apati de kat sa a?

- (1) Nan lane 1964, yon majorite eta nan sid la pa t gen lekòl ki te entegre.
- (2) Gouvènman eta yo te pran tan pou entegre sistèm lekòl piblik yo.
- (3) Yon pi gwo pousantaj etidyan Ameriken Nwa te ale nan lekòl piblik entegre yo nan Arkansas pase nan Oklaoma.
- (4) Anvan 1964, yon majorite elèv Ameriken Nwa te ale nan lekòl entegre yo nan ansyen Eta Konfedere yo.

38 Enfòmasyon ki sou kat la montre kòman eta nan sid yo reponn a

- (1) demann pou pwogram aksyon afimatif yo
- (2) lejislasyon dwa sivil pou entèdi segregasyon nan restoran yo
- (3) pwogram eta yo pou vini ak inisyativ bis nan lekòl
- (4) desizyon Tribinal Siprèm nan dosye *Brown* kont *Depatman Edikasyon Nasyonal nan Topeka*


39 Ki rezon prensipal ki te fè Richard Nixon demiysone kòm prezidan?

- (1) Li te koupab de plizyè krim grav.
- (2) Chanm Depite a t ap prepare pou retire li sou pouvwa.
- (3) Tribinal Siprèm la te deklare reeleksyon li pa t akseptab.
- (4) Aksyon li yo nan Kanbòdj ak Laos te devwale nan *Papye Pentagòn* yo.

40 Nan fen lane 1990 yo, ogmantasyon preyokipasyon piblik la sou wòl lajan nan politik te lakòz

- (1) tout kandida yo te resevwa menm kantite lajan
- (2) yon entèdiksyon sou tout kontribisyon kanpay prive
- (3) plizyè atanta pou refòme finansman kanpay
- (4) gwo echèk kandida pou kongrè yo ki nan pòs la deja

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 an.



Sous: Jeff Parker, *Florida Today*, 2000 (adapte)

41 Desen a montre lide majorite kandida pou pòs prezidan yo eseye

- (1) genyen majorite vòt popilè nan tout nasyon an
- (2) fè kanpay menm jan nan tout eta yo
- (3) genyen vòt elektoral la nan kèk eta enpòtan
- (4) genyen sipò moun ki ap vote pou premye fwa yo

Sèvi ak mòso tèks anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 42 a.


. . . Gen yon tan k ap vini lè nou chwazi yon prezidan ki gen 45 oswa 50 lane, epi 20 lane apre peyi a vin gen menm kalite pwoblèm prezidan an te konfwonte anvan epi moun yo ta renmen retounen ak gason sa a oubyen fanm sa a, epi yo pa gen posiblite pou yo fè sa. Mwen ta renmen wè sa chanje. Mwen pa vreman gen gwo opinyon sou sa

Prezidan Bill Clinton—*Yon Konvèsasyon ak Ansyen Prezidan Bill Clinton*, Bibliyotèk ak Fondasyon John F. Kennedy, 28 Me 2003

42 Nan deklarasyon sa a, Prezidan Clinton ap kòmante sou

- (1) Primè prezidansyèl yo
- (2) limit 2 tèm prezidansyèl
- (3) sistèm politik 2 pati a
- (4) sistèm kolèj elektoral

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Walt Handelsman, *Newsday*, 2003 (adapte)

43 Selon atis sa a, pwoblèm moun sa yo ki gradye nan inivèsite sete an majorite rezilta

- (1) kwasans ekonomik ki pa fèt vit
- (2) Pwoyibisyon
- (3) Gran Depresyon an
- (4) gwo to enflasyon

44 Gouvènman federal la te reponn atak 2001 yo sou World Trade Center a ak Pentagòn lan lè li

- (1) kreye yon ajans nan nivo kabinè pou sekirite peyi a
- (2) depòte laplipa etranje ilegal yo
- (3) diminye depans pou defans
- (4) etann libète sivil sitwayen Ameriken yo.

45 Pliralis kiltirèl nan Sosyete Ameriken an, pi byen karakterize pa

- (1) ekzistans divèsite etnik nan popilasyon an
- (2) anpil imigran ki pa al vòte nan eleksyon
- (3) laplipa imigran rejte sitwayèn Etazini
- (4) pil imigran ilegal nan Kalifòni

- 46 Aksyon Prezidan Abraham Lincoln pandan Gè Sivil la ak aksyon Prezidan Franklin D. Roosevelt pandan Dezyèm Gè Mondyal la demontre, pandan peryòd lagè yo, prezidan yo pafwa te
- (1) lage kontwòl militè a
 - (2) manke jwenn ase sipò piblik pou genyen eleksyon ankò
 - (3) bay gouvènman eta yo plis endepandans
 - (4) limite libète endividyèl

47 **“Prezidan Jackson Siyen Lwa Fòse Kont Kawolindisid”**

“Kongrè a Deklare Eta Sid yo Dwe Aksepte 14yèm Amanman”

“Prezidan Eisenhower Voye Twoup Federal nan Little Rock, Akanzas”

Ki prensip tit sa yo demontre?

- (1) privilèj egzekitif
- (2) souvrènte popilè
- (3) gouvènman limite
- (4) sipremasi federal

48 **“Muhammad Ali Refize Generalizasyon Sèvis Militè”**

“Atak Fòs Twoup Tèt yo pou Defann Saigon”

“Prezidan Johnson Deside Pa ale ankò nan Eleksyon”

Ki lagè ki asosye ak evènman yo site nan tit sa yo?

- (1) Dezyèm Gè Mondyal
- (2) Gè Kore
- (3) Gè Vyetnam
- (4) Gè Gòf Pèsik

49 Tout moun konnen Frederick Douglass, Malcom X ak Jesse Jackson paske yo

- (1) ede fini ak esklavaj
- (2) travay pou dwa Ameriken nwa
- (3) Òganize Ray Tren Souterèn
- (4) sipòte lwa Jim Crow yo

50 Ki gwoup Palmer te fikse je l sou li prensiplaman pou l te atake nan lane 1919 ak 1920 ak apèl McCarthy a nan lane 1950 yo?

- (1) nativis yo
- (2) endistriyalis yo
- (3) kominis yo
- (4) Ameriken Nwa yo

Repons pou kesyon disètasyon yo sipoze ekri nan ti liv disètasyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON DISÈTASYON TEMATIK

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale de sa pou fè pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman — Lagè

Patisipasyon Etazini nan lagè yo lakòz chanjman politik, sosyal ak ekonomik pou plizyè gwoup Ameriken. Chanjman sa yo te gen plizyè konsekans sou sosyete Amerikèn nan pandan epi apre chak lagè.

Sa pou fè:

Idantifye **de** diferan gwoup Ameriken ki te afekte akòz patisipasyon Etazini nan yon lagè epi pou *chak*

- Dekri chanjman sosyal, politik, **oswa** ekonomik gwoup la te eksperyanse akòz lagè a
- Diskite jiskibò chanjman sa a te afekte sosyete Amerikèn an

Ou ka sèvi ak nenpòt gwoup ki ale ak sitiyasyon an nan etid istwa Etazini ou fè. Kèk sijesyon ou ka vle konsidere se moun ki te nan esklavaj pandan Lagè Sivil la, Ameriken Endyen Natif Natal pandan Gè Endyen yo, fanm pandan Premye Gè Mondyal la oswa Dezyèm Gè Mondyal la, Japonè Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la, ak etidyan inivèsite Ameriken yo oswa anwole lame yo pandan Lagè Vyetnam nan.

Ou pa bezwen limite w a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sou travay la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki gen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire pou panse a definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Yo fè li pou teste kapasite ou pou travay ak dokiman istorik. Yo te korije kèk nan dokiman yo pou nesite kesyon an. Pandan w ap analize dokiman yo, konsidere sous chak dokiman ak nenpòt opinyon yo kapab bay nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Tout pandan ane 1800 yo ak nan kòmansman lane 1900 yo, refòmasyon yo te chèche rezoud pwoblèm sosyal, politik ak ekonomik peryòd la. Yo te itilize plizyè metòd pou adrese pwoblèm sa yo.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman an epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede w ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande w

- Diskite pwoblèm sosyal, politik *ak/oswa* ekonomik refòmasyon yo te adrese nan lane 1800 ak nan kòmansman lane 1900 yo. Nan diskisyon w lan, pale de mwayen refòmasyon yo te itilize pou ekspozè pwoblèm sa yo.

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



. . . Mwen rekonèt, anpil moun pa dakò ak jan m pale di; men èske pa gen rezon pou li di? Mwen *pral pale* sevè jan verite a ye epi san patipri tankou lajistis. Sou sijè sa a [abolisyon esklavaj], mwen pa vle panse, oswa pale, oswa ekri ak moderasyon. Non! non! Di yon moun ki gen ke kay li pran dife, pou li pa sonnen alam nan fò; di li pou li pran tan l pou l sove madanm li anba men yon pleziyis; di yon manman pou li rale pitit li ofiamezi nan dife li tonbe a;—men pa di mwen pou mwen pale ak moderasyon sou kòz ki devan nou jounen jodi a. Mwen serye—mwen pap voye wòch kache men—Mwen p ap mande padon—Mwen p ap fè bak pou yon pous—EPI M AP FÈ YO TANDE MWEN. Endiferans moun yo ase pou fè nenpòt estati sòti sou pyedestal li epi pou akselere rezireksyon mò yo. . . .

Sous: William Lloyd Garrison, *The Liberator*, January 1, 1831, Vol. 1, No. 1

- 1 Selon atik jounal sa a, ki sa ki te *youn* nan objektif prensipal William Lloyd Garrison t ap eseye akonpli? [1]

Score

Dokiman 2

“KABIN TONTON TOM.” Travay ak kè kontan epi eksitan sa a, kontinye gen yon demann enprimri ak anpil aktivite laprès epi relyè liv yo gen pwoblèm pou satisfè. Editè yo fè nou konnen, dizwityèm mil edisyon [kopi] an pral pibliye demen, sa ki ap fè 160,000 volim [kopi total] nan ti peryòd onz semèn nan!—yon lavant peyi a pa janm wè, nan okenn ka, si se pa nan lemond antye menm. Edisyon nan lang angle yo vann rapid tou—youn ki enprime a Lond nan fòm bon mache, nan pri ba ki se 2s. 6d.; oubyen apeprè 60 santim. Yo pa te dwe janm bliye Madan H. B. Stowe, otè liv sa ki gen anpil talan, te gen sansiblite pou li te ekri sou sijè esklavaj la, fason sa a, apre Lwa sou Esklav Mawon an te pase. Kidonk yon Bondye ki rechte mal pou byen.

Sous: *The Liberator*, June 11, 1852

2 Dapre *The Liberator*, kouman piblik la te reyaji a piblikasyon Harriet Beecher Stowe la ki rele *Kabin Tonton Tom la*? [1]

Score

Dokiman 3a

Chèf yo nan Sena a



Sous: Joseph J. Keppler, *Puck*, 1889 (adapte)

3a Ki *yon* pwoblèm politik desen Joseph J. Keppler sa a te idantifye? [1]

Score

Dokiman 3b

**Platfòm Pati Pèp la [Popilis]
(Platfòm Omaha)
4 Jiyè 1892**

. . . Kondisyon yo ki antoure nou jistifye kooperasyon nou fè ansanm yo pibyen; nou rankontre nan mitan yon nasyon ki te vin prèske gate moral, politik ak materyèl. Koripsyon domine bwat vòt yo, Lejislati yo, Kongrè a epi menm rive nan manto [rad] tribinal yo syèj la. Moun yo demoralize; majorite Eta yo oblije izole votè yo nan lokal vòt yo pou evite entimidasyon ak magouy inivèsèl. Jounal yo te jwenn lajan oswa gen baboukèt, opinyon piblik la fè silans, kòmès la ajenou [kraze], kay yo kouvri ak ipotèk, preske pa gen travay, epi tè yo konsantre nan men kapitalis yo. Yo refize travayè nan vil la dwa pou òganize yo pou pwoteje tèt yo, travayè pòv ki enpòte yo vin desan salè yo, yon lame ki la pou lajan sèlman, lalwa nou yo pa rekonèt, soupye pou tire yo, epi yo ap dejenere rapidman nan kondisyon Ewopeyen yo. Yo vòlè kareman fwi travay di milyon moun pou bati richès kèk moun, sa ki pa janm fèt nan listwa limanite; epi moun yo ki genyen bagay sa yo, kòm rekonpans, krache sou Repiblik la epi mete Libète an danje. Nan menm vant k ap bay enjistis gouvènmantal la nou pwodwi de gwo klas—malere ak milyonè. . . .

Sous: *National Economist*, Washington, D.C., 1892

3b Dapre platfòm pati politik sa a, ki **de** pwoblèm espesifik ki te mennen fòmasyon Pati Popilis la? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4a

Yon Ansyen Kay sou dèyè nan Ri Roosevelt



Sous: Jacob Riis, 1890

Dokiman 4b

. . . Jounen jo di a, sa fè plis ke dis lane depi liy sa a [ant rich ak pòv la] te divize popilasyon New York la ren pou ren. Jounen Jodi a, twaka moun li yo ap viv nan lojman, epi pouse dizneyèm syèk popilasyon an nan vil yo voye yon kantite k ap kontinye ogmante pou ranpli lojman sa yo. Kenz mil kay pou lokatè yo ki te dezespwa sanitasyon an nan dènye jenerasyon an vin ogmante a trantsèt mil, epi plis pase mil desan moun rele yo kay yo. Sèl pòt pou sòti li te wè—tranzisyon rapid pou ale nan banlye yo—pa t pote souf. Nou konnen kounye an pa gen fason pou sòti; “sistèm” nan ki te move pitit neglijans piblik ak visye prive vin pou li rete, yon sant ajitasyon ki la pou tout tan nan sivilizasyon nou an. Pa gen lòt bagay ki rete, ke chèche sa ki bon nan yon move sityasyon. . . .

Sous: Jacob Riis, *How the Other Half Lives*, Charles Scribner's Sons, 1890

4 Dapre dokiman sa yo, bay *de* pwoblèm vil nan Etazini yo te konfwonte nan fen lane 1800 yo. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5a

Nan desen Frank Beard sa a, yon pwopriyetè ba vlope li ak pwoteksyon lalwa anba akizasyon Themis ki se dyeyès lajistis.

Anba Rad Lalwa



Sous: Frank Beard, *Fifty Great Cartoons*, The Ram's Horn Press, 1899

● TRAVAY BA A

Pwodwi ak Vann Kleren Responsab pou

70 pousan kriminèl nou yo

50 pousan prizonye nan azil prizonye fou yo

80 pousan prizonye nan kay moun pòv nou yo

100 pousan pwoblèm nou yo

Destriksyon kay yo

Koripsyon votè yo

5a Dapre Frank Beard, ki **yon** rezon ki fè moun te sipòte mouvman tanperans la? [1]

Score

Dokiman 5b

... pwodwi, vant oubyen transpò kleren ki toksik andedan, an konsekans enpòtasyon, oswa ekspòtasyon yo nan Etazini ak tout teritwa yo ki anba jiridiksyon an nan objektif pou bwè li entèdi.

Sous: United States Constitution, 18th Amendment, Section 1, 1919

5b Dapre dokiman sa a, di **yon** fason refòmatè yo te eseye sispann vant kleren toksik nan Etazini. [1]

Score

MONOPÒL BÈF LA KRAZE, MEN LI CHAPE ESKANDAL

Gwo Pwomès Prezidan an Fè Pwojè
Lwa Enspeksyon an Pase.

MOVE RAPÒ YO KLASE

Ajan prezidan yo eskplike li Kondisyon Anbalaj
yo nan Faktori yo te pi Mal Pase sa ki
Dekri nan Istwa Sinclair a.

Sèlman pou The New York Times.

. . .Prezidan an te fache.

Prezidan an [Theodore Roosevelt] pa t voye
Neil ak Reynolds [ofisye federal yo] dapre
deklarasyon Upton Sinclair te fè nan liv roman li
a, "The Jungle"... Apre li te fin aksepte verite a
nan deklarasyon Sinclair yo li te tèlman montre
yon enterè pou kesyon an lòt moun te pote
deklarasyon ba li. Li li prèy yo nan atik yo sou sijè
a, epi tout sa li li yo fè li vin pi fache. Alò li mande
2 zanmi li yo pou ale fouye sou kesyon an, epi fè
li konnen si istwa yo te di li yo te vre. Yo te ale
fouye epi di li tout sa li te aprann yo te vre. Tous-
wit apre sa, tou fache, Prezidan an te fè Senatè
Beveridge entwodwi Pwojè Lwa sou Enspeksyon
Vyann, epi apre te pase yon dèle amwenske
pwojè lwa a te pase touswit [byen rapid] yo ap
pibliye rapò a. . . .

Sous: *New York Times*, May 27, 1906

6 Dapre *New York Times*, kòman *The Jungle* ak lòt rapò yo enfluyanse aksyon Prezidan Theodore Roosevelt yo? [1]

Score

Dokiman 7

PREFAS

Salè—Yon alokasyon peryodik [regilye] yo bay yon moun kòm konpansasyon pou sèvis ofisyèl oswa pwofesyonèl li oswa pou travay regilye li. —*Funk ak Wagnalls*.

Remake mo, ‘yon moun’. La a pa gen diferans ant gason ak fanm.

Malgre sa Vil New York la peye yon “gason” pou kèk “sèvis pwofesyonèl” \$900, alòske li peye yon “fanm” sèlman \$600 pou menm “sèvis pwofesyonèl” la. Kipizè, pou kèk esperyans li peye yon “gason” \$105, alòske li peye yon “fanm” sèlman \$40 pou menm eksperyans la. Sa yo se kèk ti egzanp “inegalite ki klè” nan echèl salè pwofesè yo. . . .

Sous: Grace C. Strachan, *Equal Pay for Equal Work*, B. F. Buck & Company, 1910

7 Ki sa ki se **yon** pwoblèm Grace C. Strachan te prezante? [1]

Score



**FÈ TIMOUN TRAVAY
SE YON
MENAS NASYONAL**

CHENN TRAVAYÈ TI MOUN

**ESKE NOU DWE KITE ENDISTRIYÈL
YO ANCHENNEN PEYI A**



Sous: Library of Congress (adapte)

8 Dapre enfòmasyon ki sou afich sa a, pou kisa yo konsidere timoun kòm travayè yon pwoblèm nasyonal? [1]

Score

Pati B

Disètasyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, epi yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti *nan pi piti **senk*** dokiman nan devlopman disètasyon an. Kore repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay enpòtan. Mete enfòmasyon anplis ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan ane 1800 yo ak kòmansman ane 1900 yo, refòmatè yo te chèche pou rezoud pwoblèm sosyal, politik, ak pwoblèm ekonomik peryòd sila. Refòmatè yo te itilize plizyè metòd pou adrese pwoblèm sa yo.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman an epi ak konesans ou nan istwa etazini, ekri yon disètasyon kote ou

- Diskite pwoblèm sosyal, politik ***ak/oswa*** ekonomik refòmatè yo te adrese nan lane 1800 ak nan kòmansman lane 1900 yo. Nan diskisyon w lan, pale de mwayen refòmatè yo te itilize pou ekspoze pwoblèm sa yo.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sa yo mande w fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan **senk*** dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ki klè; ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi, 24 janvyè 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la Seks: Gason
 Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III A a nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II a ak Pati III B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26
- 2..... 27
- 3..... 28
- 4..... 29
- 5..... 30
- 6..... 31
- 7..... 32
- 8..... 33
- 9..... 34
- 10..... 35
- 11..... 36
- 12..... 37
- 13..... 38
- 14..... 39
- 15..... 40
- 16..... 41
- 17..... 42
- 18..... 43
- 19..... 44
- 20..... 45
- 21..... 46
- 22..... 47
- 23..... 48
- 24..... 49
- 25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score
(obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon anba a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Siyati

Detache La a

Detache La a

